



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU ARESTASYON NAN PEYI
IZRAYÈL KI GEN RAPÒ AK MENAS KONT SANT KOMINOTÈ JWIF YO**

“Arestasyon Sispèk nan vag menas resan kont Sant Kominotè Jwif yo voye yon mesaj klè ke y ap trennen nenpòt moun ki menase Nouyokè yo de vyolans, devan lajistis.

Menas abominab epi lach sa yo kont Sant Kominotè Jwif yo se yon atak kont valè tout Nouyokè. Men yo limen yon limyè byen klere sou fason Nouyokè yo mete tèt ansanm pou kanpe kont sila yo k ap chèche divize nou.

Pandan vizit mwen an Izrayèl sa pa gen lontan, manm Polis Eta New York la ek ekip sekirite piblik la te reyini ak mwen pou yon rankont ak otorite Izrayelyen yo pou diskite sou menas deranjan sa yo, e mwen patikilyèman rekonesan pou sipò yo. N ap kontinye travay ak patnè nou yo epi rete vijilan nan efò nou pou envestige krim èn epi kenbe Nouyokè yo an sekirite.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418